

Konsèy Jistis Anviwònmantal
Reyinyon #5
Mèkredi 9 novanm 2022
6:00 pm
Pwosè Vèbal Reyinyon an

Kote reyinyon an fèt: Zoom webinar

Dokiman reyinyon yo: [Ajenda](#), [dyapozitiv](#), [pwosè vèbal reyinyon \(27/10/2022\)](#)

Manm Konsèy ki prezan yo:

- Kalila Barnett
- Madeline Fraser Cook
- Melissa Ferretti
- Cheryll Holley
- Caroline Hon
- Namrita Kapur
- Lydia Lowe
- Marcos Luna
- Patricia Spence
- Ari Zorn

Anplwaye EOEEA ki prezan: Rishi Reddi, Vallery Cardoso, Carline Lemoine (EJ Office)

Te kòmanse a 6:00 pm.

Byenvini ak Apèsi sou Lojistik Reyinyon an

Rishi Reddi, Prezidan EJC a ak Direktè EJ nan EEA te prezante tèt li ak Direktè Adjwen Vallery Cardoso, ak Carline Lemoine. Rishi te note disponiblite entèprtèt yo. Li te pakouri lojistik reyinyon yo.

Apèl; Apwobasyon pwosè vèbal reyinyon anvan yo

Rishi te mande Manm Konsèy yo mete non yo nan chat la pou kontrandi a. Li te prezante ajenda a epi li te mande si Manm Konsèy yo te gen lòt kesyon yo te vle ajoute. Yo pa t ajoute anyen.

Rishi te fè yon apèl pou konfime kowòm nan. Lis Manm Konsèy ki prezan yo parèt pi wo a anba "Manm Konsèy ki prezan".

Rishi te mande EJC a si yo te gen bagay pou yo ajoute nan pwosè vèbal reyinyon an. Marcos Luna te fè remake kòmantè ak kesyon yo te voye nan chat la pandan dènye reyinyon EJC a pa t enkli nan pwosè vèbal yo. Vallery Cardoso, anplwaye EOEEA, te reponn ke yon fwa yo fin reponn kesyon yo, yo pral poste yo sou mass.gov. Rishi te fè remake pou ale pi devan nou ta dwe mete kesyon yo ak kòmantè yo nan pwosè vèbal yo, memm san tout repons yo. Marcos te pwopoze pou yo mete kòmantè ak kesyon publik yo nan pwosè vèbal yo. Namrita te apiye l. Rishi te mande Manm Konsèy yo yon vòt pa apèl nominal. Tout Manm Konsèy ki prezan yo te vote wi pou apwouve pwosè vèbal reyinyon yo. Yo te apwouve pwosè vèbal reyinyon yo.

Anons

Rishi te anone vèsyon preliminè Evalyasyon Chanjman Klima EEA a disponib pou kòmantè publik la. Yo pral aksepte kòmantè atravè fòm sa a (<https://www.mass.gov/info-details/ma-climate-change-assessment>). jiska 16/11.

Aktyalizasyon Kat EJ yo ak done resansman Etazini ki pi resan yo

Rishi te bay enfòmasyon sou aktyalizasyon kat jeyografik EJ a. Apre sa, li te mande yon mosyon pou aksepte aktyalizasyon kat la. Namrita Kapur te fè yon mosyon, Ari Zorn te apiye l. Caroline Hon te mande si EJC a ka jwenn plis done sou kisa chanjman yo te ye. Lydia Lowe te fè remake li te gen kesyon sou done yo ak kominote yo ki pa deziyen ankò kòm EJ. Rishi te fè remake nou bezwen aktyalize kat yo pou asire yo rete ajou. Li te fè remake travay EJC a se revize definisyon an, kidonk EJC a pral retounen sou kat sa yo pandan l ap gade definisyon an. Vòt sa a pou aktyalize kat la ap di ke EJC yo ap rete ajou avèk gouvènman federal la. Nou pral tounen pou analiz apwofondi. Rishi te mande yon vòt pa apèl nominal. Tout Manm Konsèy ki te prezan yo te vote wi pou aksepte aktyalizasyon kat la.

Estrateji EEA EJ: Apèsi, Deplwaman, Kòmantè Piblik la

Rishi te bay yon apèsi sou devlopman Estrateji EJ a ak delè pou lansman ak kòmantè piblik yo. Manm EJC te fè kòmantè sa yo:

- **Kalila:** Klasifikasyon sou fason diskisyon sou estrateji a antre nan travay EJC a ap fè. Rishi te reponn ke li se yon dokiman direktiv pou ajans EEA yo.
- **Namrita:** Ta renmen gade nan seksyon definisyon dokiman an.
- **Rishi:** Espere ke pwochen ajenda yo ka rezève tan pou pale atravè dokiman an epi EJC a ka prepare pou diskite sou li.
- **Caroline:** Èske li ta posib pou gen yon prezantasyon rezime dokiman? Sa a ta ka itil tou pou seyans ekout yo. Se bon pou gen yon apèsi nan sijè yo. Petèt voye kesyon alavans.
- **Rishi:** Estrateji a se dokiman preliminè epi li ouvè a opinyon EJC pou omwen kèk mwa. Nenpòt lòt lide ka soumet bay Vallery.

Diskisyon: Ki moun/Kisa ki manke nan definisyon aktyèl Popilasyon EJ a? (Kontinye apati de reyinyon #4 nan dat 27 oktòb 2022)

Rishi te di Biwo EJ a pral mete ansanm yon dokiman kòmantè pou ede reflechi sou sijè ki bezwen plis diskisyon. Li te deklare tou li ta renmen diskite sou pwosesis kote EJC a pral trete sijè yo. Li mande ki jan nou aplike definisyon EJ a lè yon popilasyon oswa yon gwoup blòk dilye. Rishi li yon lis pwoblèm EJC te idantifye nan reyinyon 27 oktòb 2022 a.

Sa ki anba la yo se rezime kòmantè EJC a.

- **Ari:** Yon echèl povrete ta ka pi enklizif pou moun blan ki gen revni fèb.
- **Melissa:** Mo minorite a difisil pou moun endijèn yo. Nou se yon antite politik ki gen dwa.
- **Lidya:** Enkyetid la se si pouvantaj yo pral enkli ti kominote EJ yo. Ki gen ladan moun ki fè eksperyans deplasman ak anboujwazman. Sa ta ka vle di ke kominote sa yo pa resevwa pi bon kondisyon men y ap pouse soti.
- **Rishi:** Gen yon eleman nan definisyon an ki pèmèt Sekretè EEA a bay estati EJ oswa pou yo retire li. Nou poko gen aplikasyon règleman sa yo.
- **Madeline:** Sanble dispozisyon an an kòmanse abòde plis kominote riral ak pouvantaj povrete yo. Pa ka di si li pral abòde ti sou-gwoup sa yo, men petèt li ta kapab?
- **Rishi:** Èske pouvantaj povrete yo enkli sa k ap pase nan l'wès la?
- **Cheryll:** Poukisa definisyon EJ dwe yon zòn oswa yon kote? Poukisa li pa kapab yon popilasyon epi
- **Kalila:** Èske gen yon egzanz sou sa Cheryll ap panse a? Petèt kèk kritè sante piblik tankou ras ak revni ?
- **Rishi:** Èske nou ka pale plis sou fason nou te defini yon chaj EJ ak relasyon li ak kote? Ki jan kominote endijèn yo ap soufri nan enjistik anviwònmantal la ki ta ka enkli nan yon definisyon atravè chaj anviwònmantal yo?
- **Melissa:** Fèm solè yo ap pran tè vyèj yo kote tribi yo pa gen aksè ankò. Aksè nan chemen dlo yo. Nou soufri paske nou pa ka viv de tè a.
- **Rishi:** Soti nan yon kote politik, popilasyon endijèn nan ka ap viv nan yon sèten kote men tè a ki nesesè pou kalte lavi yo ap disparèt.
- **Melissa:** Yo deja pran tè a. Teknikman nou pa bezwen pèmisyon pou ale sou pwopriyete. Ki jan abita k ap afekte a gen enpak sou popilasyon endijèn yo.

- **Melissa:** Li vrèman konsène resous yo.
- **Rishi:** Premye etap pou moun nan gwoup sa a sè ke nou bezwen vin pi abitye ak plan zòn jeyografik yo. Ki ta ka fonde diskisyon sa a. Ki jan nou ta jwenn sa a?
- **Cheryll:** MA gen yon obligasyon anvè moun yo gen akò avèk yo, yo ta dwe ajoute tribi yo nan definisyon EJ. Akò yo toujou entak.
- **Rishi:** Endijèn yo enkli nan definisyon minorite a. Men, dapre kòmantè Melissa sou Tribi kòm antite politik nou bezwen fè yon ajisteman ki baze sou kòmantè li.
- **Cheryll:** Gen kèk Tribi ki gen yon relasyon inik ak souveren ak Eta a. Lè sa a, gen manm Tribi ki ka antre nan definisyon minorite. Pou delimite zòn yo gen anpil kat pou ede ak sa.
- Rishi te mande volontè pou kreye yon lis pou rezime pwoblèm sa yo. Melissa epi Cheryll te volontè.
- Rishi te pale sou dezi li pou diskite sou Pwoblèm yo nan Iwès la. Ari fè remake ke moun ki gen revni fèb nan ti gwoup tout koulè yo pa enkli. Rishi te pale de kapasite Sekretè a genyen pou enkli popilasyon sou-gwoup blòk yo. Ari te deklare ke gen sèten kominote ki riral anpil ak yon melanj rich ak pòv ki pwofon. Anboujwazman se yon gwo pwoblèm tou.
- **Melissa:** Anboujwazman se yon pwoblèm sou Cape la. Plymouth menm konsidere kòm yon kominote EJ.
- **Cheryll:** Definisyon EJ gen yon relasyon ak danje anviwònman an. Moun rich yo ka reyaj pi vit fas a danje yo, moun ki pi pòv yo bezwen pwoteksyon yo kèlkeswa kantite yo.
- **Rishi:** Wè anpil pwoblèm sou revni, patikilyèman nan zòn riral yo. Èske gen yon bagay sou kritè revni ki jistifye yon analiz pi apwofondi?
- **Lidi:** Nan katye chinwa gen kay ki rich ak kay ki pa gen anpil revni ki pètibe done demografik yo. Enpak kimilatif yo enpòtan.
- **Rishi:** Sa soulve kesyon konsènan kisa nou anvizaje fè pou zòn ki gen revni fèb yo.
- **Marcos:** Definisyon pa fèt pou reflechi sou popilasyon, men sou kote moun ap viv. Estrateji EEA a bezwen reflechi sou sa estrateji a pwopoze pou fè. Reflechi sou aplikasyon sa a ta ka itil.
- **Rishi:** Gade minorite ak kritè revni yo, kote toulede gen anpil nyans.
- **Lidi:** Te konfonn jan definisyon an pale de chaj ak avantaj yo. Entèsekson de sa yo trè enpòtan nan diskisyon sa a.
- **Rishi:** De gwo pwoblèm, Endijèn ak revni nan zòn riral ak nan vil. Èske nou ta dwe kreye yon lis pwoblèm ijan? Èske nou ta dwe gen yon konvèsayon pi konsantre sou pwoblèm espesifik yo?
- **Marcos:** Fè yon lis sijè ki te abòde yo. Yon apwòch sou-komite ta ka yon bon fason pou pi devan.
- **Rishi:** Nou pral travay sou lis la epi kreye sou-komite. Nan gwoup travay yo, EJC ta bezwen tounen ak pwopozisyon konkrè.

Kesyon / kòmantè biblik la

Rishi te louvri deba a pou kesyon biblik la.

Vallery Cardoso li kesyon ki nan bwat K&R yo. Sa yo enkli anba a.

#	Kesyon	Non moun ki poze kesyon an	Repons

1	Èske w ap repete ogmantasyon popilasyon EJ a nan novo kat sa yo? Alafwa ogmantasyon pouvantaj ak kantite popilasyon an?	Patisipan anonym	Kantite gwoup blòk EJ ap ogmante de 2,316 (46%) a 2,604 (51%), a 4985 nan tout eta a. Kantite moun k ap viv nan gwoup blòk EJ ap ogmante de 3,100,468 a 3,487,681 (+12.5%) Kantite minisipalite ki gen gwoup blòk EJ ap diminye de 188 a 187 19 minisipalite pa gen okenn gwoup blòk ak kritè EJ ankò 18 minisipalite ki kounye a gen omwen yon gwoup blòk ki satisfè kritè EJ yo
2	Bonjou! Mwen te rate dènye reyinyon an, kidonk mwen te kapab itilize kèk klarifikasyon sou diskisyon k ap kontinye sou definisyon EJ a. Konpreyansyon mwen se ke li deja defini nan lalwa, alafwa sou plan federal ak nan Mass. Èske gwoup sa a ap konsidere pwopoze chanjman nan lwa a, oswa èske gen yon lòt objektif pou konvèsasyon an sou siyifikasyon EJ ke mwen te rate? Mèsi!	Betsy Sowers	Definisyon EJ a defini nan lalwa, men lwa a gen tou yon dispozisyon ki di "Konsèy jistis anviwònmantal la dwe fè yon analiz konplè ... epi chak senkyèm ane apre sa, pou asire definisyon popilasyon jistis anviwònmantal la reyalize objektif prensip jistis anviwònmantal yo, dapre definisyon popilasyon jistis anviwònmantal ak prensip jistis anviwònmantal ki nan seksyon 62 a"
3	Mèsi!	Patisipan anonym	Pa dekwa!
4	Mèsi, Vallery!	Betsy Sowers	Pa dekwa!
5	Èske li posib pou konnen konbyen manm ki pa nan Konsèy la k ap patisipe nan apèl sa a?	Laura Spark	Wi, kounye a gen 37 manm nan piblik la ki prezan
6	Mèsi!	Laura Spark	Pa dekwa!
7	Èske ou ka pataje dat yo pou reyinyon yo ak sesyon ekout yo, couple?	Danielle Dolan	N ap afiche enfòmasyon sou seyans ekout yo sou lyen sa a: https://www.mass.gov/info-details/eeas-draft-environmental-justice-ej-strategy . Ou ka jwenn dat yo sou dyapozitiv 17. Dyapozitiv yo lye isit la: https://www.mass.gov/event/november-9-2022-meeting-of-the-environmental-justice-council-ejc-2022-11-09t180000-0500-2022-11-09t200000-0500

8	Kòm yon granmoun 80 ane k ap viv nan Cape Cod, li difisil pou patisipe nan yon reyinyon an pèsòn nan Boston oswa soumèt kòmantè alekri anvan 13 janvye apre reyinyon vityèl kèk jou anvan dat limit la. Anpil granmoun gen defi teknik pou yo patisipe nan odyans publik ZOOM. Mwen te fè eksperyans sa a nan yon reyinyon Konsèy EPA EJ kote mwen te oblige telefone nan 3 minit kòmantè publik , paske opsyon an pa t mache.	David Dow	Mèsi pou kòmantè ou. Mwen konprann enkyetid ou yo ak bezwen pou yon seri opsyon reyinyon ak kote. Nou vle asire reyinyon nou osi aksesib ke posib. Mwen pral pote sa a tounen bay ekip mwen an pou diskisyon.
9	Mèsi!	Danielle Dolan	
10	Mwen te kominike avèk granmoun aje k ap viv nan Apatman Lojman pou Granmoun aje nan Falmouth ki peye 30% nan revni yo pou lwaye. Anpil nan rezidan sa yo se blan oswa Latino ke revni yo depann de Sekirite Sosyal ki kapab mwens pase \$1500 pa mwa ki vle di yon lwaye \$450 pa mwa. Nan Hyannis yon apatman abòdab koute \$1500-2000 pa mwa, sa ke travayè pòv nan endistri sèvis yo pa kapab peye. Kidonk definisyon EJ a ta dwe gen ladan pri lavi an relasyon ak revni moun nan resevwa. Mwen sèten ke pwoblèm sa a pi mal nan Boston kote plis minorite ap viv.	David Dow	
11	Mwen panse ke li gen pou wè tou ak polisyon pa sèlman nan lè a, dlo oswa tè men manje a ke yo ap pwodui ak konsome.	Patisipan anonim	
12	Tribi Mashpee Wampanoag fè lachas ak lapèch sou tè tradisyonèl ki kontamine ak pwodui chimik toksik (PFAS; mèki metil; toksin sinaobakteryèl; elatriye). Silent Spring Institute te devlope yon pwojè EJ ak tibi a pou kontwole nivo PFAS nan manje yo jwenn nan lachas ak lapèch. Joint Base Cape Cod se yon sit Superfund lokal ki kontamine dlo pou bwè ak dlo sifas; pwason ak kristase; elatriye nan etan dlo dous lokal yo (dapre sou yon sondaj Depatman Sante Biblik Massachusetts sou letan yo).	David Dow	Mèsi paske w pataje enfòmasyon sa yo.
13	Kontakte Doktè Laurel Schaider nan SSI pou plis detay.	David Dow	

1 4	Ki jan ou pral asire w ke rezidan yo konnen posiblite pou yo enkli kòm yon kominate EJ?	Lila Greiner	Nou bezwen fè plis sansibilizasyon sou posibilité sa a.
1 5	Epitou, definisyon an ak kat yo pa pran an konsiderasyon tan ki pase a. Zòn ki nan tan lontan an te gen plis kominate koulè oswa moun ki gen revni fèb revni oswa kominate endijèn men ki kounye pi blan ak oswa rich. Li pa montre anboujwazman pase ak moun yo te fòse pati yo. Ki nan lwès la gen ladan tou Stockbridge Munsee Tribe nan nasyon Mohican an.	Carrieanne Petrik	Mèsi pou kòmantè ou.
1 6	Pou retounen nan kat aktyalize yo, ki lè yo pral pibliye?	Patisipan anonim	Materyèl sou aktyalizasyon kat yo disponib sou sit entènèt EJ la. Gen yon onglè pou aktyalizasyon an ak yon onglè pou vèsyon preliminè kat anvan yo. Chak ajans EEA yo pral aplike sa nan pwòp fason pa yo sou yon delè ki gen sans pou pwòp pwogram espesifik pa yo. Nou pou yo fè sa nan ane 2023 pou pita
1 7	Èske ou ka klarifye si tout oswa pifò rezidan ki nan yon EJC yo gen yon trevni fèb?	Patisipan anonim	Revni fèb se youn nan twa kritè pou deziyasyon kòm yon gwoup blòk EJ (katye)
1 8	gwoup blòk la	Patisipan anonim	
1 9	Èske nou ka soumèt kòmantè, oswa sèlman kesyon nan pwen sa a?	Danielle Dolan	
2 0	Mèsi: Kominote yo ta dwe defini plis lajman pase jis yon deziyasyon jewografik; definisyon an ta dwe gen ladan kategori popilasyon distribiye (tankou moun endijèn k ap viv nan plizyè zòn, ki pa konsantre nan yon blòk resansman; menm bagay la pou povrete, POC yo gaye nan blòk ki pa deklanche EJ, elatriye)	Danielle Dolan	
2 1	Anvizaje elaji pi lwen pase kritè ki egziste deja yo pou enkli lòt faktè (egzanp sante piblik, chaj polisyon, elatriye) Gade nan CalEnviroScreen pa egzanp.	Danielle Dolan	

2	<p>Kenbe nan tèt ou objektif definisyon sa a - pou asire envestisman etatik ak federal yo oryante nan sèvi ak benefisyé popilasyon sa yo ki istorikman twò chaje - vle rann li osi enklizif ke posib pou reyalize objektif sa a. Pwojè yo ak envèstisman yo ta ka abòde nenpòt kantite sitiyasyon, pa nesesèman mare ak kote jeyografik, epi yo ta ka vize yon gwoup popilasyon ki jeyografikman gaye.</p> <p>Moun endijèn yo ak reprezantan tribi yo ta dwe konsidere kòm yon popilasyon EJ oswa yon kominote, kèlkeswa e endependaman de kote jeyografik.</p> <p>Dènye; mèsi!</p>	Danielle Dolan	Mèsi pou kòmantè ou yo!
2 3	https://oehha.ca.gov/calenviroscreen/report/calenviroscreen-40	Danielle Dolan	

Pwochen Etap ak Kloti Reyinyon an

Rishi te mande yon mosyon pou klotire. Melissa te fè yon mosyon; Madeline te apiye l. Tout manm yo vote wi. Reyinyon an klotire a 8pm.